

**TRADHISI SURAN AGUNG WARGA *PERSAUDARAAN SETIA HATI*  
ING KUTHA MADIUN  
(Tintingan Sinkretisme Budaya)**

**Muhammad Reza Anugerah**

**ABSTRAK**

Tembung wigati: tradhisi, ubarampe, tata laku, *Suran Agung*, sinkretisme

Panliten iki ngenani sinkretisme sawijine tradhisi Jawa, yaiku tradhisi Suran Agung ing kutha Madiun. Undere panliten iki, yaiku (1) kepriye jlentrehan wujud tradhisi Suran Agung, (2) kepriye jlentrehane anane sinkretisme ing tradhisi Suran Agung, lan (3) kepriye pamawase masyarakat Madiun marang tradhisi Suran Agung. Landhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku teori akulturasi pendekatan fungsional. Panliten ngenani tradhisi Suran Agung ing kutha Madiun iki kalebu jinis panliten kualitatif, amarga dhata sing diteliti saka asil *observasi* langsung utawa ngematake, wawancara sing *terstruktur* lan *bebas*, lan dhata *dokumentasi*.

Wujud tradhisi Suran Agung ana 3, yaiku ritual nyekar, ritual ngumbah sabuk, lan ritual slametan. Saben ritual kasebut nduweni ubarampe lan tata laku. Sinkretisme ing tradhisi Suran Agung kadaden kanthi unsur-unsur sing bisa dijlentrehake kaya mangkene: (1) ritual nyekar, unsur-unsur sing nyawiji, yaiku (a) kapracayan animisme, (b) ajaran Hindu, lan (c) ajaran Islam; (2) ritual ngumbah sabuk, unsur-unsur sing nyawiji, yaiku (a) kapracayan animisme lan (b) ajaran Hindu; lan (3) ritual slametan, unsur-unsur sing nyawiji, yaiku (a) kapracayan animisme, (b) ajaran Hindu, lan (c) ajaran Islam. Masyarakat uga nduweni pamawas ngenani anane tradhisi Suran Agung ing kutha Madiun, yaiku: (1) ora sarujuk, amarga njalari geheran lan (2) sarujuk, amarga nuduhake sukur marang Gusti lan bisa dadi wisata budaya saben taun. Kabeh wujud tradhisi Suran Agung nduweni ubarampe lan tata laku sing mligi kang nuduhake tradhisi religi.

**A. PURWAKA**

Bab iki ngemot andharan ngenani lelandhesane panliten, undere panliten, tujuwane panliten, paedahe panliten, lan wewatesane panliten. Andharane sing luwih jangkep ing ngisor iki.

**1. Lelandhesane Panliten**

Kanggo ngudhari owah-owahan sajrone tradhisi Suran Agung prelu digayutake karo akulturasi budaya. Teori akulturasi digunakake kanggo ngoncek apa kang dadi unsur manca lan ngaribawani tradhisi Suran Agung nganti bisa owah.

**2. Underane Panliten**

Adhedhasar landhesan panliten sing diandharake mau, bisa ditamtokake undhere panliten ing ngisor iki.

- 1)Kepriye jlentrehan wujud tradhisi Suran Agung?
- 2)Kepriye jlentrehane anane sinkretisme ing tradhisi Suran Agung?
- 3)Kepriye pamawase masyarakat Madiun marang tradhisi Suran Agung?

### 3. Tujuwane Panliten

Adhedhasar undhere perkara kang wis ditamtokake, prelu diandharake tujuwan panliten kaya ing ngisor iki.

- 1) Njlentrehake wujud tradhisi Suran Agung.
- 2) Njlentrehake anane sinkretisme ing tradhisi Suran Agung.
- 3) Njlentrehake pamawase masyarakat Madiun marang Suran Agung.

### 4. Paedahe Panliten

Panliten iki dikarepake bisa menahi paedah. Paedahe ana loro, yaiku paedah teoretis lan praktis. Paedah teoretis panliten iki, yaiku bisa migunani tumrap ilmu budaya Jawa mligine ngenani tradhisi Suran Agung ing kutha Madiun. Jlenetrehane mengko bisa nuduhake yen tradhisi Jawa iku uga ana sing bisa dipangaribawani ajaran Islam.

Paedah praktis panliten iki, yaiku:

- 1) bisa nambah wawasan mahasiswa ngenani tradhisi Jawa, mligine tradhisi Jawa sing nandhang sinkretisme, kayata tradhisi Suran Agung ing kutha Madiun,
- 2) bisa nggampangake mahasiswa kanggo nyinaoni budaya Jawa, mligine tradhisi Jawa ing sasi Sura lan jlentrehan tradhisi Jawa sing nggunakake teori sinkretisme. Asile mengko bisa dadi tandhingan kanggo panliten sabanjure.

### B. TINTINGAN KAPUSTAKAN

Bab iki ngemot andharan ngenani tintingan kapustakan sing kaperang dadi 3, yaiku panliten saemper, konsep panliten, lan landhesan teori. Andharane sing luwih jangkep ana ngisor iki.

### 1. Panliten Saemper

Panliten kapisan sing dianggep saemper ana 5, yaiku: (1) Prasetyani (2011) *Tradhisi Grebek Maulud ing Kutha Madiun (Tintingan Wujud, Makna, lan Fungsi)*; (2) Ambarwati (2012) *Wayang Beber Pacitan (Tintingan Owah-Owahan Kabudayan)*; (3) Jauhari (2014) *Tradhisi Slametan Kelahiran Bayi Ing Desa Bediwetan Kecamatan Bungkal Kabupaten Ponorogo (Tintingan Wujud, Makna, Fungsi, Pamawas, lan Owah Gingsir)*; (4) Sari (2012) *Makna Simbolis sajrone Tradhisi Bersih Desa ing Madiun.*; lan (5) Setyaningsih (2011) *Tradhisi Suran ing Patilasan Sri Aji Jayabaya ing Desa Menang Kabupaten Kediri (Tintingan Wujud, Makna, lan Fungsi)*.

Kanthen nandhingake asil panliten ing ndhuwur, bisa dititiki bedane panliten Tradhisi Suran Agung ing Kutha Madiun karo panliten-panliten sadurunge. Bedane yaiku panliten iki ngandharake anane owah-owahan ing sawijine tradhisi sing disebabake anane akulturasi budaya, mligine akulturasi sing disebabake mlebu ajaran Islam utawa kerep diarani sinkretisme.

### 2. Konsep kanggo Nliti Tradhisi Suran Agung ing Kutha Madiun

Konsep kanggo nliti tradhisi Suran Agung iki diperang dadi telu, yaiku Suran Agung minangka tradhisi Jawa, Suran Agung minangka asile *akulturasi*, lan *sinkretisme* minangka perangane *akulturasi*.

#### a. Suran Agung minangka Tradhisi Jawa

Tradhisi yaiku sakabehe adat, kapitayan, lan liya-liyane kang diwarisake para leluhur (Poerwadarminta 1939:1069). Adat lan kapitayan kang diwarisake kasebut isih ditindakake dening masyarakat kanthen turun-tumurun. Tradhisi uga bisa

dijlentrehake minangka nile utawa pamawas ngenani cara-cara kang wis ana. Kanthi didadikake tradhisi, cara-cara lawas iku dianggep cara kang paling bener lan pener (KBBI online, 2014). Ana uga sing ngandharake tegese tradhisi sing rada beda. Sahniah (2013) ngandharake yen tradhisi tegese sakabehe barang sing diwarisake saka jaman mbiyen menyang jaman saiki (sajrone Sztompka, 2007:70).

Diandharake uga (sajrone Hakim, 2003: 29) yen tegese tradhisi iku mujudake sakabehe warisan ing jaman mbiyen sing ing jaman saiki mlebu sajrone kabudayan sing lumaku. Iki ateges ora mung patilasan sejarah, nanging uga mujudake perkara jaman saiki karo saperangan macem drajade.

Kanthi lumrah, tradhisi diperang dadi telu, yaiku tradhisi lisan, tradhisi separo lisan, lan tradhisi non-lisan. Tradhisi lisan, yaiku amanat sing awujud andharan sing nate digawe ing jaman biyen saka turunan siji menyang turunan sabanjure. Dene tradhisi separo lisan, yaiku tradhisi kang mujudake campuran antarane unsur lisan lan dudu lisan. Tuladhane kapitayane rakyat, dolanane rakyat, teater rakyat, tari rakyat, adat istiadat, upacara, pangayubagyane rakyat, lan sapanunggalane. Sing pungkasan yaiku tradhisi dudu lisan. Tradhisi iki wujud dudu lisan sanajan anggane nggawe iku diwulangake kanthi cara lisan. Tradhisi dudu lisan dhewe diperang dadi loro, yaiku kapisan kang arupa material kayata arsitektur rakyat, kerajinan tangan, pangan, ombenan lan obat-obatan tradhisional. Kapindho, tradhisi dudu lisan kang kalebu dudu material kayata pralambang tradhisional lan sapanunggalane (Danandjaja, 1986:21).

Adhedhasar jinise tradhisi kang diandharake ing ndhuwur, objek panliten kang awujud tradhisi Suran Agung kalebu tradhisi separo lisan.

Bab kasebut amarga sajrone tradhisi kasebut ana katrangan kang asipat lisan saka masyarakat lan ditambahi simbol-simbol kang nduweni makna tartamtu.

Nalika wengine 1 Sura, masyarakat Jawa lumrahe nindakake rituwal tirakatan, melekan, lan tuguran. Adicara iki isih bisa diperang maneh kanthi luwih njlimet paling sithik ana 6, yaiku: (1) siraman malem 1 Sura, (2) tapa bisu, (3) *ziarah*, (4) nyepakake kembang setaman, (5) jamasan pusaka, lan (6) larung sesaji. Kanthi jangkep andharan saben rituwal kasebut diandharake ing ngisor iki.

Miturut panliti tradhisi Suran Agung ing kutha Madiun iku mujudake tradhisi kang mligi kanggo mujudake rasa sukur, kurmat, lan mawas dhiri marng Gusti lumantar leluhure. Tujuwane ora liya kanggo ngentokake kaslametan lan pitulungan nalika urip nganti tekane pati. Ditindakake ing sasi Sura, amarga sasi Sura kalebu sasi sing mratandhani taun anyare wong Jawa.

## **b. Konsep Akulturasi**

Akulturasi bisa ditegesi minangka wujud nyawijine loro utawa luwih budaya sing padha nyambung antarane siji lan sijine kanggo nyawijikake watak utawa titikan kekarone budaya kasebut utawa kabudayan kang manekawarna. (Diaz & Greiner, sajrone Suryaningtyas, lkk., 2010: 2). Dene Osran (1996: 461) ngandharake yen akulturasi uga bisa dideleng minangka sawijine proses manungsa, kulawarga, utawa masyarakat kanthi lelandhesan tartamtu wiwit nrapake manekawarna aspek ing budaya sing anyar.

Panulis bisa ngandharake ngenani tegese akulturasi, yaiku owahe kabudayan sing wis ana saperangan tlatah kasebut amarga kena pangribawa saka unsur-unsur manca. Olehe kena pangribawa unsur manca iku amarga

anane sesambungan, antarane budaya asli karo unsur manca kasebut.

### **c. Sinkretisme minangka Perangane Akulturasi**

Miturut etimologis, sinkretisme dumadi saka tembung *syn* la *kretiozein* kang nduweni teges nyawijikake unsur kang beda (KBBI Online, 2014). Yen jlentrehane kanthi ringkes yaiku sawijine teori ing babagan filsafat lan teologi kanggo nuwuhake kasalarasan ing bab kang beda (Rusmanhaji, 2013). Saka andharan ing ndhuwur, panliti bisa ndudut yen anane sinkretisme iku marga anane rong unsur kang beda. Unsur kang beda kasebut diupayakake supaya bisa salaras.

Tradhisi kang kasusun saka adat, kapitayan, lan samubarang kang diturunake dening leluhur dadi salah siji wujud sinkretisme.

### **d. Resepsi Masyarakat**

Tegese resepsi yaiku panemu utawa pamawas. Yen digandengake karo tembung masyarakat, tegese yaiku panemu utawa pamawas kang diduweni dening masyarakat (Endraswara, 2008:121). Saka panemune masyarakat, bisa diweruhi kepriye pamawase masyarakat marang tradhisi Suran Agung. Panemune mengko bisa arupa panampik, lan bisa uga arupa panampane marang tradhisi Suran Agung.

### **3. Landhesan Teori**

Kanggo njlentrehake akulturasi kang ana ing tradhisi Suran Agung, digunakake teorine Koentjaraningrat *fungsiional approach to acculturation*. Teori kasebut diperang dadi telu miturut cara kerjane. Kapisan njlentrehake katrangan ngenani cara kang digunakake kabudayan manca kanggo mlebu ing kabudayan lokal. Kapindo njlentrehake ngenani lakune

proses akulturasi ing kabudayan tradhisional. Katelu njlentrehake tanggepane masyarakat marang unsur manca kang mlebu. Saka mangerteni cara lan lakune proses akulturasi, bisa digunakake kanggo njlentrehake wujud asile akulturasi. Kanggo njlentrehake panemu utawa resepsi masyarakat, panliten iki nggunakake teorine Iser ngenani resepsi sastra. Teori kasebut digunakake kanggo mangerteni apa kang dilakokake masyarakat marang objek lan apa kang dilakokake objek marang masyarakat. Kanthi meruhi sesambungane masyarakat lan objek, bisa diweruhi kepriye panemune masyarakat marang objek.

### **C. METODHE PANLITEN**

Bab iki ngandharake ngenani metodhe panliten sing digunakake ing panliten iki. Andharane diperang dadi , yaiku: (1) ancangan panliten, (2) sumber dhata lan dhata panliten,(3) instrumen panliten, lan (4) tata cara panliten.

#### **1. Ancangan Panliten**

Ancangan sing digunakake sajrone panliten iki asipat *kualitatif*. Panliten kualitatif yaiku sawijining ancangan panliten sing ancane kanggo menehi cathetan-cathetan saka tandhane samubarang sing ditliti kanggo ngasilake dhata-dhata aktual lan akurat sing nyata-nyata ilmiah. Panliten iki ora ngolah dhata sing arupa angka, nanging ngolah arupa asil *observasi* langsung utawa ngematake lan *interview* (wawancara), sing kastruktur utawa sing ora kastruktur, sarta dhata *dokumentasi*. Miturut Hutomo (sajrone Sudikan, 2001:85) panliten kualitatif sing asipat *diskritif* yaiku nyathet kanthi sarana wawancara, cathetan lapangan, photo, video tape, dokumen, lan liya-liyane. Saliyane iku, miturut Maryaeni (2005:3) ancangan kualitatif

digunakake kanggo mangerteni kasunyatan ing suwalike kasunyatan, sing bisa dirasakake dening pancadriya kanthi langsung.

## 2. Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Saben panliten iku mbutuhake sumber dhata. Adhedhasar andharane Arikunto (2006: 129) sumber dhata iku minangka subjek dhata sing wis dipilih. Adhedhasar sumber dhata kasebut bisa dikumpulake dhata panliten. Sumber dhata miturut Lofland lan Loftland (sajrone Moleong, 2009:157) diperang dadi loro, yaiku sumber dhata utama sing awujud tembung-tembung lan tata laku, dene sumber dhata tambahan awujud dhokumen lan liya-liyane. Adhedhasar andharan ngenani sumber dhata ing ndhuwur, ditemtokake sumber dhata ing panliten iki, yaiku warga PSH minangka sumber dhata utama. lan masyarakat Madiun minangka sumber dhata tambahan.

Dhata ing panliten Tradhisi Suran Agung adhedhasar wujud, yaiku dhata lesan lan dhata awujud barang. Adhedhasar jinise dhata sing digunakake ing panliten iki ana 2, yaiku dhata utama lan dhata tambahan. Dhata utama asale saka asil wawancara karo informan. Wujud asil wawancara kasebut yaiku awujud ukara. Informane yaiku warga PSH sing dijlentrehake luwih jangkep ing sub-bab instrumen panliten. Dhata panliten tambahan ing panliten iki yaiku asile angket ngenani pamawase masyarakat Madiun tumrap anane tradhisi Sura Agung ing kutha Madiun.

## 3. Instrumen Panliten

Sumber dhata sing wis ditemtokake prelu instrumen kanggo ngumpulake dhata. Instrumen panliten iki salaras karo tata carane ngumpulake dhata. Tata cara ngumpulake dhata sing digunakake, yaiku observasi,

wawancara, angket, lan dokumentasi. Saben tata cara ngumpulake dhata kasebut nduweni instrumen sing beda. Tata cara ngumpulake dhata kanthi observasi nggunakake instrumen piranti kanggo nulis lan kamera. Tata cara ngumpulake dhata kanthi wawancara nggunakake instrumen dhaftar pitakon lan ponsel. Tata cara ngumpulake dhata kanthi angket nggunakake kertas, pen, lan angket sing wis ditemtokake. Tata cara ngumpulake dhata kanthi dokumentasi nggunakake instrumen kamera.

## 4. Tata Carane Panliten

Tata carane panliten diperang dadi 2, yaiku tata carane ngumpulake dhata lan tata carane njlentrehake dhata. Kanggo ngumpulake dhata panliten sing trep, diprelokake tata cara ngumpulake dhata sing bisa padha-padha nyengkuyung anggone ngolehake dhata. Tata cara ngumpulake dhata sing diprelokake sajrone panliten iki ana 4, yaiku observasi, wawancara, angket, lan dokumentasi.

Tata carane ngumpulake dhata diurutake kaya ing ngisor iki.

**Tabel 1: Jadwal Panliten kanggo Ngumpulake Dhata**

No.	Tanggal	Jam	Panliten
1	3-4 Januari 2014	09.00-17.00	observasi lan dokumentasi ing padhepokan
2	5 Januari 2014	15.00-17.00	observasi lan dokumentasi ing pasareyane eyang sura
3	7 Januari 2014	disalarasake	ngolah dhata observasi kapisan
4	11 Januari 2014	19.00-22.00	wawancara kapisan (ing daleme Mas Nuri)
5	12 Januari 2014	disalarasake	ngolah asile wawancara kapisan

6	17 Maret 2014	15.00-18.00	wawancara kapindho (ing daleme Mbah Kosiar)
7	18 Maret 2014	disalarasake	ngolah asile wawancara kapindho
8	20 Maret 2014	09.00-15.00	nyebar angket
9	21 Maret 2014	disalarasake	ngolah asile angket

Saben tata laku kanggo ngumpulake dhata ing ndhuwur ditindakake kanthi urut. Tujuwane supaya anggone ngolah dhata gampang lan asile bisa cetha.

Tata cara nganalisis dhata adhedhasar andharane Seiddel (sajrone Moleong, 2009: 248) lan Sudikan (2001: 80).

Adhedhasar andharan iki, tata cara nganalisis dhata ing panliten iki bisa dijlentrehake kaya mangkene: (1) nyatheti kabeh asile wawancara, observasi, lan dokumentasi; (2) nggolongake dhata sing wis dikumpulake adhedhasar jinis topik panliten lan sipate dhata, yaiku wujud tradhisi Suran Agung lan sinkretisme sing ana; (3) njlentrehake utawa ngonceki sinkretisme sajrone Suran Agung; lan (4) menahi dudutan adhedhasar sakabehe dhata sing wis dijlentrehake.

#### D. ASILE PANLITEN

Bab iki ngemot jlentrehan asile panliten kang arupa jlentrehan ngenani tradhisi Suran Agung. Jlentrehane kaperang dadi 6 jinis, yaiku (1) kahanane kutha Madiun, (2) wujud tradhisi Suran Agung, (3) ubarampe lan tata laku sajrone tradhisi Suran Agung, (4) sinkretisme sajrone tradhisi suran agung, (5) pamawase masyarakat marang tradhisi Suran Agung, lan (6) dhiskusine asil panliten. Jlentrehan kang luwih jangkep kaya ing ngisor iki.

### 1. Kahanane Kutha Madiun

Andharan ngenani kahanane kutha Madiun iki diperang dadi 6, yaiku (1) kahanan alame kutha Madiun, (2) kahanane warga kutha Madiun, (3) sistem pangupajiwane warga kutha Madiun, (4) sistem pendhidhikane warga kutha Madiun, (5) sistem kapitayane warga kutha Madiun, lan (6) gayutane kahanane kutha Madiun lan tradhisi Suran Agung. Jlentrehan kang luwih jangkep kaya ing ngisor iki.

#### a. Kahanan Alame Kutha Madiun

Kutha Madiun minangka salah sawijine kutha ing provinsi Jawa Timur. Yen dideleng saka *koordinat*, kutha Madiun dumunung ing 111°-112° *bujur timur* lan 7°-8° *lintang utara*. Kutha Madiun dumunung sawetara 180 km saka *ibu kota* propinsi Jawa Timur. Kutha Madiun mbiyen awujud karisidenan. Nanging karisidenan iku wis pecah dadi kutha lan kabupaten sing madeg dhewe. Saiki, kutha Madiun ambane wetara 33,23 km.

#### b. Kahanane Warga Kutha Madiun

Adhedhasar dhata sensus pendhudhuk tahun 2014, kutha Madiun nduweni cacah warga 208.758 wong. Dhatane sensus pendhudhuk adhedhasar jinis kelamine kaperang saka 98.457 lanang lan 110.301 wadon. Dhata cacah pendhudhuk kasebut dijlentrehake ing saben tingkatan umur tartamtu, supaya cetha cacah sing isih enom lan sing wis tuwa. Dhata sing luwih jangkep bisa dideleng ing tabel ing ngisor iki.

**Tabel 2: Cacah Warga Kutha Madiun Taun 2014 Adhedhasar Umur**

No	Umur (Taun)	Lanang	Wadon	Cacah
1	0-5	1.983	2.680	4.663

2	6-10	2.274	2.873	5.143
3	11-15	6.231	6.831	13.062
4	16-20	7.567	8.164	15.731
5	21-25	10.987	11.583	22.570
6	26-30	13.768	14.268	28.036
7	31-35	16.764	18.592	35.356
8	35-40	10.154	11.721	21.875
9	41-45	8.876	9.735	18.611
10	46-50	7.553	8.098	15.651
11	51-55	4.445	5.083	9.528
12	56-60	2.852	3.496	6.348
13	61-65	1.368	1.983	3.351
14	66-70	1.178	1.850	3.028
15	71-75	997	1.495	2.492
16	76-80	594	1.045	1.639
17	>81	266	804	1.070
Total		98.457	110.301	208.758

Sumber: BPS kutha madiun 2014

### c. Pangupajiwane Warga Kutha Madiun

Warga kutha Madiun nduweni pangupajiwa sing maneka warna. Adhedhasar sensus pendhudhuk tahun 2014, sistem pangupajiwa sing paling akeh yaiku pedagang. Bab kasebut lumrah yen dideleng saka kahanane kutha Madiun kang ngunggulake perdagangan lan industri. Dhata ngenani sistem pangupajiwane warga Madiun sing luwih jangkep bisa dideleng ing tabel ngisor iki.

**Tabel 3: Cacah Pendhudhuk Kutha Madiun Taun 2014 Adhedhasar Sistem Pangupajiwa**

No	Pangupajiwa	Langan	Wadon	Cacah
1	PNS	1.074	821	1.895
2	TNI	1.148	217	1.365
3	POLRI	1.148	208	1.356
4	Swata	8.785	578	9.363
5	Wiraswasta	6.593	236	6.829
6	Pedagang	16.401	10.432	26.833
7	Tani	8.444	3.201	11.645
8	Tukang	3.488	103	3.596

9	Buruh/Karyawan	3.318	6.376	9.694
10	Jasa	974	128	1.102
11	Pensiunan	1.488	209	1.697
Total		56.966	22.589	79.555

Sumber: BPS kutha Madiun 2014

### d. Pendhidhikane Warga Kutha Madiun

Pendhidhikan masyarakat kalebu bab kang wigati tumrape masyarakat. Pendhidhikan dianggep dadi investasi. Saya dhuwur pendhidhikane anak, saya gampang bisa ngentokake panggaweyan. Saliyane iku, kanthi nglakoni pendhidhikan kang dhuwur, manungsa dianggep nduweni kaluhuran sing dhuwur uga ing masyarakat. Dhata ngenani pendhidhikan ing kutha Madiun sing luwih jangkep bisa dideleng ing tabel ngisor iki.

**Tabel 4: Cacah Pendhudhuk Kutha Madiun Taun 2014 Adhedhasar Pendhidhikan**

No	Pendhidhikan	Cacah
1	Durung Sekolah	8.788
2	Ora Sekolah	10.438
3	Sekolah Dasar	35.488
4	SMP/ sederajat	33.665
5	SMA/ sederajat	39.401
6	Diploma (D1-D3)	43.840
7	Sarjana (S1-S3)	37.138

Sumber: BPS kutha Madiun 2014

### e. Kapitayane Warga Kutha Madiun

Agama utawa kapitayan minangka samubarang sing dibutuhake dening manungsa. Agama lan kapitayan iku ora nduweni wujud, nanging agama dadi bab sing wigati kanggo kabutuhane manungsa utamane ing kebutuhan batin. Agama iku sipate *fleksibel*, ateges manungsa bebas kanggo milih agama lan kapitayan

kang dianut. Mula, senajan manungsa ora nduwe agama uga ora dadi perkara.

Miturut dhata saka BPS kutha Madiun, agama sing dianut dening warga Madiun bisa dideleng ing tabel ngisor iki.

**Tabel 5: Dhata Kapitayane Pendhudhuk Kutha Madiun Taun 2014**

N o	Agama	Lana ng	Wado n	Caca h
1	Islam	84.935	104.937	189.875
2	Kristen/Katholik	3.917	7.916	11.833
3	Hindu	1.305	1.906	3.211
4	Budha	678	1.078	1.756
5	Liya-liyane			1.346

Sumber: BPS kutha Madiun 2014

#### f. Gegayutane Kahanane Kutha Madiun lan Tradhisi Suran Agung

Kahanane etnografi kutha Madiun kaya sing diandharake ing ndhuwur nduweni gegayutan karo tradhisi, mligine tradhisi Suran Agung. Kalorone nduweni sesambungan sing raket saengga menahi daya pangaribawa antarane siji lan sijine. Masyarakat minangka subjek sing nglakokake lan mbutuhake tradhisi, dene *eksisitensine* tradhisi iku gumantung masyarakate.

Masyarakat ing kutha Madiun akeh sing nganut agama Islam, saengga sawernane wujud tradhisi ing kutha Madiun akeh sing kena pangribawa saka agama Islam minangka agama sing paling akeh dianut dening warga Madiun, salah siji tuladha tradhisine, yaiku tradhisi Suran Agung. Bab iki uga isih ana sambung rakete karo andharan sadurunge. Unsur-unsur Islam akeh sing mlebu ing tradhisi-tradhisi sing wis ana sadurunge, tuladhane yaiku tradhisi slametan. Wujud slametan ing jaman saiki akeh

sing nggunakake wacan donga lan dzikir sing lumrahe digunakake ing acara pangetan agama Islam, kayata pengajian. Tradhisi slametan iki ditindakake dening meh sakabehe warga Madiun. Bab kasebut diandharake luwih jangkep ing andharan ngenani sinkretisme sajrone Tradhisi Suran Agung.

#### 2. Andharan Ngenani *Persaudaraan Setia Hati*

Adhedhasar teges tembung, PSH diperang dadi loro, yaiku *persaudaraan lan setia hati*. Bab iki bisa dimangerteni saka asile wawancara ing ngisor iki.

“PSH iku kadadi saka rong tembung, *persaudaraan lan setia hati*. *Persaudaraan* nduweni teges kekancan sing raket kayadene dulur, Dene *Setia hati* nduweni teges rasa teguh sajrone ati.” (Nuri, 11 Januari 2014)

Ing PSH, sesambungan antarane warga siji lan sijine iku ora mung winates kayadene wong kekancan. Siswa lan warga iku ora ana bedane. Sakabehe dianggep sedulur. Bab iki bisa dingerteni saka asile wawancara ing ngisor iki.

“Sesambungan antarane warga siji lan sijine iku ora mung winates kayadene wong kekancan, nanging antarane warga siji lan sijine iku wis dianggep dulure dhewe” (Nuri, 11 Januari 2014).

#### 3. Tradhisi Suran Agung

Tradhisi Suran Agung ing kutha Madiun dumadi saka telung rituwal, yaiku rituwal nyekar, rituwal ngumbah sabuk, lan rituwal slametan.



Suran Agung yen dideleng saka asal tembung dumadi saka tembung *sura* sing oleh wuwuhan *-an*. Sura nduweni teges sasi sing pisanan, dene *suran* bisa ditegesi mbalik ing sasi Sura. Tembung *agung* tegese gedhe, luhur, utawa mulya. Dadi Suran Agung bisa ditegesi minangka kagiyatan kanggo ngluhurahe utawa ngramekake sasi Sura. Andharan iki salaras karo asile wawancara, narasumber menehi jlentrehan kaya ing ngisor iki.

“Suran Agung yaiku kagiyatan sing dikarepake kanggo ngramekake sasi Sura. Intine, tradhisi Suran Agung yaiku nyambung silaturahmi antar warga PSH. Sapadha warga PSH iku kayadene dulur, mula silaturahmi iki penting, amarga anggotane PSH iku padha sumebar.” (Nuri, 11 Januari 2014)

Saka jlentrehan ing ndhuwur bisa dingerteni yen punjere tradhisi Suran Agung yaiku silaturahmi.

#### **4. Wujud Tradhisi Suran Agung**

Wujud tradhisi Suran Agung iki awujud ritual sing kaperang dadi 3, yaiku ritual nyekar, ritual ngumbah sabuk, lan ritual slametan. Kanthi luwih jangkep diandharake ing ngisor iki.

##### **a. Ritual Nyekar**

Nyekar lumrahe dilaksanakake wengi sadurunge tanggal 1 Sura. Tegese nyekar adhedhasar asale tembung, yaiku nyebarake kembang ing pasarean. Bab kasebut katitik saka asal tembung, yaiku *sekar* sing tegese saemper karo kembang. Ing tradhisi Suran Agung, pasarean sing disekar

yaiku pasareane Eyang Sura. Eyang Sura iku leluhure warga PSH sing mandegani ngadege PSH. Bab kasebut cundhuk karo katrangan kaya ing ngisor iki.

“Nyekar kuwi asale saka tembung sekar. Sekar iku lak artine kembang ta. Dadi nyekar iku artine ya kita nyebarake kembang. Sing disebari iku ya kuburan. Sampeyan lak ya ruh ta mas, jenenge wong Jawa lak nduweni pakulinan nyekar ing kuburan. Utamane ya ing kuburane keluargane” (Kosiar, 17 Maret 2014).

Pasareyan sing disekar ing tradhisi Suran Agung, sing utama yaiku pasareyane Eyang Sura. Iki ditindakake kanggo ngormati kabecikane Eyang Sura kang wis mandhegani madege PSH. Bab iki ditegesake dening narasumber kaya ing ngisor iki.

“Saben sasi Sura, warga PSH nyekar ing makame Eyang Sura. Banjur ing makame para sesepuh kang dianggep nduweni jasa marang ngrembakane PSH. Tujuwane bisa kanggo sarana silaturahmi antarane warga, uga kanggo ngormati jasane Eyang Sura kang wis mandhegani lahire PSH” (Nuri, 11 Januari 2014).

##### **b. Ritual Ngumbah Sabuk**

Saben sasi Sura, warga PSH uga mesthi nglakoni ritual ngumbah sabuk. Sabuk ing kene beda karo sabuk kaya lumrahe sabuk. Sabuk iki saka bahan kain mori kang ditalekake ing bangkekan. Sabuke warga PSH iku uga nduweni drajad. Drajade dibedakake adhedhasar wernane sabuk. Wernane sabuk ing PSH ana 5, yaiku ireng polos, jambon, ijo, putih polos, lan kang pungkasan putih mori. Sabuk kang pungkasan iki nduweni guna kanggo nengeri yen wong kasebut wis

lulus minangka siswa lan disahake dadi warga PSH. Jlentrehan iki disengkuyung andharan saka informan sing bisa diwaca ing ngisor iki.

“Sabuk iku dadi idhentitase warga PSH. Nalika isih siswa, iku nganggo sabuk ireng polos, sanduwure iku ana sabuk jambon. Sabanjure, munggah ijo lan putih polos. Sing trakir yaiku sabuk putih mori, sing dadi tandha yen siswa iku wis disahne dadi warga PSH” (Nuri, 11 Januari 2014).

Malem 1 Sura, sabuk putih mori diumbah kanthi rituwal tartamtu supaya resik. Resik sing dikarepake ing kene ateges resik raga lan batine. Resik raga ateges resik sabuke, dene resik batin ateges resik batine sing nduwe sabuk saka sipat-sipat ala. Sipat ala kasebut kayata gumedhe marang pepadhane lan nggunakake kadigdayane kanggo bab kang ora becik. Bab iki adhedhasar jlentrehane narasumber kaya ing ngisor iki.

“Sabuk iku diumbah supaya resik. Resik jiwa lan raga. Resik jiwa ya berarti sabuke bisa mbalik resik kaya pas diolehake. Dene resik jiwa maksude jiwane sing duwe sabuk bisa resik, resik saka sipat-sipat ala, utamane sombong amarga rumangsa wis nduwe kekuwatan” (Nuri, 11 Januari 2014).

Rituwal iki uga menenehi piwulang sing salaras karo piwulang ing rituwal nyekar. Siswa sing wis dadi warga PSH kudu tansah nata ati. Bab iki bisa dieling-eling sarana ngumbah sabuk. Sabuk sing dadi titikane warga PSH iki uga mung dumadi saka bahan mori. Mori dhewe diweruhi minangka bahan sing digunakake mbungkus mayit sing arep dipendhem. Adhedhasar bab iki, anane rituwal

ngumbah sabuk bisa dadi sarana pangling-eling yen sakuwat-kuwate manungsa, mbesuke uga bakal ninggalake donyane. Rituwal ngumbah sabuk iki uga bisa dadi sarana ngendhalekake hawa napsu. Yen mbesuke manungsa iku pancen kudu mati, luwih becik ora kamaruk marang apa-apa kang an ndonya aja kabeh pengin diduweni. Senajan wis diduweni, kudune tansah diweneh-wenehake marang pepadhane, mligine sanak sedulure. Wong kang bisa migunani tumrap pepadhane, iki uga kang bisa diarani urip kang sejati.

### c. Rituwal Slametan

Slametan yaiku rituwal mangan bebarengan panganan sing wis didongani. Ana uga kang ngarani slametan minangka kawilujengan. Slametan nduweni gegayutan sing raket karo kapercayan marang unsur-unsur kadigdayan lan lembut. Slametan nduweni konsep kang *universal* lan saben dhaerah nduweni jlentrehan kang beda. Nanging lumrahe, slametan ditegesi minangka tradhisi kang ditindakake kanthi tujuwan ngentokake kaslametan. Bab iki bisa dijlentrehan adhedhasar asale tembung slametan, yaiku slamet. Jlentrehane bisa ditandhingake karo asil wawancara ing ngisor iki.

“Slametan iku asale saka tembung slamet, dadi slametan iku artine acara kang dilakokake supaya oleh kaslametan saka sing kuwasa. Wong Jawa ning ngendi wae mesthi ngakoni slametan. Amarga wis dadi tradhisi wiwit jamane leluhur biyen” (Kosiar, 17 Maret 2014).

Adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur bisa dijlentrehake yen tradhisi Suran Agung iku nduweni wujud rituwal sing cacah ana telu, yaiku:

nyekar, ngumbah sabuk, lan slametan. Suran Agung iki wis bisa diarani tradhisi amarga anane rituwal-rituwal kasebut sing ditindakake kanthi turun-tumurun ing wektu sing mligi yaiku saben tanggal 1 Sura. Rituwal sing ditindakake kanthi turun-tumurun kasebut uga dipercaya nduweni guna. Bab iki dijlentrehake luwih jangkep ing jlentrehan sabanjure.

## **5. Ubarampe lan Tata Lakune Tradhisi Suran Agung**

Sabanjure dijlentrehake ubarampe lan tata lakune tradhisi Suran Agung adhedhasar wujud tradhisi sing wis dijlentrehake. Wujud tradhisi Suran Agung sing ana 3 kasebut dijlentrehake ubarampe lan tata lakune kanthi urut.

### **a. Ubarampe Sajrone Tradhisi Suran Agung**

Sajrone nyekar iku ana sawernane ubarampe kang dicepakake. Adhedhasar katrangan lan asil wawancara saka narasumber, bisa diweruhi yen ubarampe sajrone nyekar yaiku kendhi, banyu, lan kembang setaman.

### **b. Ubarampene Rituwal Ngumbah Sabuk**

Saliyane nyekar, ing tradhisi Suran Agung uga ana rituwal ngumbah sabuk. Kayadene nyekar, rituwal ngumbah sabuk uga mbutuhake ubarampe. Adhedhasar jlentrehane narasumber nalika wawancara, bisa dijlentrehake yen ubarampe kang digunakake ing rituwal ngumbah sabuk, yaiku sabuk putih mori, kembang setaman, bokor, lan lilin.

### **c. Ubarampene Rituwal Slametan**

Rituwal katelu sing dilakokake ing tradhisi Suran Agung yaiku slametan. Saka asil wawancara, bisa diweruhi yen ubarampe nalika

slametan, yaiku sega kuning lan lawuh-lawuhan.

### **d. Tata Lakune Rituwal Nyekar**

Sadurunge manchik ing rituwal nyekar. Sadurunge kita kudu ngerteni paugeran-paugeran sing kudu dilakokake nalika ngleboni wilayah pasareyan. Adhedhasar asile wawancara, bisa dingerteni yen ana saperangan paugeran tartamtu sajrone rituwal nyekar ing tradhisi Suran Agung. Paugerane yaiku kapisan, nalika nekani ing wilayah pasareyan, diupayakake liwat sisih kidul; kapindho, warga PSH kudu ndhodhog palemahan lan maesan kaping telu, iki dilakokake supaya roh ing pasareyan bisa ngerti, yen kita teka kanggo kirim donga. Jlentrehan iki adhedhasar asil wawancara ing ngisor iki.

“Yen wis teka ing pasareyane, aja lali ndhodhog maesan lan lemahe. Didhodhog ping telu, supaya rohe Eyang Sura kang wis ora ana bisa meruhi yen kita teka” (Nuri, 11 Januari 2014).

Adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur, bisa didudut yen tata lakune ing rituwal nyekar tradhisi Suran Agung iku kudu dilakokake kanthi urut; manut paugeran tartamtu. Tujuwane ora liya, yaiku kanggo nuduhak rasa kurmate warga PSH marang leluhure. Urut-urutan tata lakune rituwal nyekar, yaiku: (1) mlebu ing pasareyan lewat sisih kidul, (2) ndhodhog maesan lan palemahan kaping telu, (3) menahi salam, (4) sinambi nggawa kembang maca donga, (5) nyebarake kembang, lan (6) nyiramake banyu kendhi.

### **e. Tata Lakune Rituwal Ngumbah Sabuk**

Rituwal ngumbah sabuk mujudake rituwal sing paling sakral sajrone tradhisi Suran Agung.

Lumrahe, ritual iki dilakokake saben warga PSH ing wektu lan papan kang padha. Nanging, bisa uga kanthi ijen, kayata ing omahe dhewe-dhewe. Bab iki gumantung saka warga kang nglakokake. Ing panliten iki, sing diteliti yaiku ritual ngumbah sabuk sing wektu lan panggon kang padha. Tata carane nindakake ritual ngumbah sabuk, yaiku: (1) nyiapake ubarampe lan piranti kanggo ngumbah, kayadene kang wis disebutake ing nduwur, ubarampene yaiku kembang setaman, lilin, bokor, lan banyu; (2) ngenteni tengah wengi, utawa jam 12 wengi; (3) ngumbah sabuk, tatacarane yaiku sabuk kang diduweni dicemplungake ing bokor kang wis diisi banyu kang dicampur karo kembang setaman; (4) sawise diumbah, mori kasebut dipepe. Nalika ngenteni sabuke garing. Warga PSH banjur nganakake slametan; lan (5) sawise garing, sabuke banjur digawa mulih lan disempen dhewe-dhewe. Jlentrehan iki adhedhasar asil wawancara ing ngisor iki.

“Tata carane ngumbah sabuk yaiku kapisan, kita nyiapake ubarampe kanggo ngumbah sabuk, kapindho, ngenteni jam 12 bengi, katelu sabuke diumbah kanthi cara nyelupake sabuk kasebut ing bokor kang wis diisi banyu lan kembang setaman. Sawise iku, sabuke banjur dipepe. Nalika ngenteni sabuke garing, kita nglakokake slametan” (Nuri, 11 Januari 2014).

Adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur bisa didudut, yen tata carane ngumbah sabuk iki uga nduweni tata cara sing kudu ditindakake kanthi urutan lan ora kena ditawa ngenani urutan, cara, lan paugerane. Bab iki nuduhake watak kang becik, kayata manut paugeran supaya bisa pikantuk asil sing

becik. Iki uga nandhakake yen warga PSH iku kalebu wong sing manut marang leluhure, sejatine leluhur iku nggawe paugeran mesthi nduweni tujuwan kang becik. Minangka turunane ing jaman saiki, kudu nglestarekake paugeran kasebut senajan leluhure wis tilar donya.

#### **f. Tata Lakune Ritual Slametan**

Slametan ing tradhisi Suran Agung, kagolong ritual kang prasaja. Slametan iki dilaksanakake nalika ngenteni sabuk sing dipepe dadi garing. Kathi urutan, tata lakune ritual slametan ing tradhisi Suran Agung dijlentrehake kaya mangkene.

“Adhicara slametan diwiwiti dening tuan rumah utawa kang ditujuk kanggo mimpin ngaturake pangiring. Sawise iku kanthi bareng-bareng maca fatehah, annas, falak lan kulhu. Sabanjure yaiku maca dzikir lan kang keridhewe yaiku ndongan bebabrengan, supaya sesepuh lan keluarga sing wis ora ana bisa dilungguhake ing panggonan kang becik lan uga nyuwun marang gusti supaya diparingi kaslametan. Siji maneh, kita uga ndonga supaya PSH iku bisa tetep madeg lan nduweni guna kanggo masyarakat” (Nuri, 11 Januari 2014).

Adhedhasar jlentrehan ing nduwur, bisa didudut yen ritual slametan iki dilakokake ing sela-selane ritual ngumbah sabuk. Tata urutane, yaiku: (1) ngumpul ing papan kanggo nindakake slametan, (2) pemimpine slametan atur pambuka, (3) maca donga, (4) mangan tumpeng bebarengan, lan (5) alam-salaman. Ritual slametan iki nduweni guna kanggo sarana mujudake rasa sukur marang Gusti kang sampun maringi

kaslametan marang sakabehe warga PSH.

## **6. Sinkretisme sajrone Tradhisi**

### **Suran Agung**

Kanggo njlentrehake sinkretisme sajrone tradhisi Suran Agung, nggunakake perangan adhedhasar rituwale, yaiku (1) sinkretisme ing rituwal nyekar, (2) sinkretisme ing rituwal ngumbah sabuk, lan (3) sinkretisme ing rituwal slametan.

#### **a. Sinkretisme ing Rituwal Nyekar**

Sinkretisme ing rituwal nyekar bisa katitik saka tata lakune. Tata lakune nyekar ing tradhisi Suran Agung mbiyen lan saiki tamtune wis beda. Bab sing nitiki anane sinkretisme ing rituwal nyekar ing antarane, yaiku kapracayan wargane, pilihan wektu kanggo nindakake rituwal lan donga nalika rituwal. Saben perangan sing nandhang sinkretisme kasebut ditandhingake endi perangan sing lawas lan sing anyar.

Adhedhasar gambar kasebut, bisa dijlentrehake dening panliti yen sejatine tradhisi Suran Agung iku kalebu ana sing nandhang sinkretisme. Salah sijine, yaiku tradhisi nyekar. Sing dadi unsure pamujudane, yaiku: unsur animisme, unsur agama Islam, lan unsur agama Hindu. Sing dadi unsur animismene, yaiku percayane para wargane yen sing wis mati iku, rohe isih ana ing sakiwa-tengene. Rohe uga isih dipercaya bisa menehi bebantu marang sing ndongakake. Sing dadi unsur agama Islame, yaiku wacan donga sing diwacakake ing pasareyan nalika arep naburake kembang. Unsur agama Hindune, yaiku percayane wargane marang nindakake rituwal nyekare ing sasi Sura. Kapracayan marang sasi kang dianggep suci iki wiwit ana nalika jaman Hindu ing pulo Jawa. Telung unsur kang beda iki

sasuwene jaman lan wiwit mlebu kabudayaan anyar nandhang owah-owahan. Owahe kasebut dening para wargane diadhepi kanthi tliti lan tetep ngutamakake sakrale rituwal. Senajan jaman saiki teknologi wis maju banget lan kapracayan marang barang sing ora katon indra paningal iku kudune wis ora kena dinalar, tradhisi iki tetep bisa lumaku tanpa nuwuhake kahanan kang ngrusak. Saking tartamtune tata carane, tradhisi iki malah bisa dadi idhentitase warga kutha Madiun, mligine warga kutha Madiun sing dadi warga PSH. Iki kabukti yen warga PSH iku paling akeh ana kutha Madiun.

#### **b. Sinkretisme ing Rituwal Ngumbah Sabuk**

Sinkretisme ing rituwal ngumbah sabuk bisa katitik saka tata lakune. Tata lakune ngumbah sabuk ing Tradhisi Suran Agung mbiyen lan saiki tamtune wis beda. Bab sing nitiki anane sinkretisme ing rituwal ngumbah sabuk ing antarane, yaiku kapracayan wargane, pilihan wektu kanggo nindakake rituwal lan donga nalika rituwal. Saben perangan sing nandhang sinkretisme kasebut ditandhingake endi perangan sing lawas lan sing anyar. Jlentrehane kanthi jangkep ana ngisor iki.

Unsur sing mujudake sinkretisme, yaiku unsur animism lan unsur agama Hindu. Unsur animismene dituduhake dening anane kapracayan marang roh sing dianggep ana sajrone sabuk mori. Warga PSH yakin yen sabuk mori kasebut yen diramut kanthi bener bisa nambah kasekten lan kaslametan marang sing nduwe. Unsur agama Hindune, yaiku percayane wargane marang nindakake rituwal ngumbah sabuk ing sasi Sura. Kapracayan marang sasi kang dianggep suci iki wiwit ana nalika jaman Hindu

ing pulo Jawa. Iki padha karo andharan sinkretisme ing rituwal nyekar.

### c. Sinkretisme ing Rituwal Slametan

Sinkretisme ing rituwal slametan bisa katitik saka tata lakune. Tata lakune nyekar ing tradhisi Suran Agung mbiyen lan saiki tamtune wis beda. Bab sing nitiki anane sinkretisme ing rituwal slametan ing antarane, yaiku kapracayan wargane, pilihan wektu kanggo nindakake rituwal lan donga nalika rituwal. Saben perangan sing nandhang sinkretisme kasebut ditandhingake endi perangan sing lawas lan sing anyar.

“Adhicara slametan diwiwiti dening tuan rumah utawa kang ditujuk kanggo mimpin ngaturake pangiring. Sawise iku kanthi bareng-bareng maca fatehah, annas, falak lan kulhu. Sabanjure yaiku maca dzikir lan kang keridhewe yaiku ndongan bebabrengan, supaya sesepuh lan kaluarga sing wis ora ana bisa dilungguhake ing panggonan kang becik lan uga nyuwun marang gusti supaya diparingi kaslametan” (Nuri, 11 Januari 2014).

Adhedhasar jlentrehan iki bisa didudut yen unsur-unsur sing beda kang nyawiji ing rituwal slametan ing tradhisi Suran Agung ana 3, yaiku: (1) kapracayan animisme (anane roh sing dianggep teka); (2) ajaran Hindu (nindakake bab sing sakral ing sasi tartamtu, yaiku tanggal 1 Sura); lan (3) ajaran Islam (wacan donga kanthi cara Islam).

## 7. Pamawase Masyarakat marang Tradhisi Suran Agung

Adhedhasar asile wawancara, masyarakat sing ora sarujuk anane tradhisi Suran Agung alesane yaiku tradhisi Suran Agung dianggep tradhisi kang menahi pangaribawa sing ala marang masyarakat. Pangribawa sing ala ing antarane yaiku (1) akeh kadaden gejeran nalika tradhisi Suran Agung; (2) akeh sing dadi kurban saka anane tradhisi Suran Agung, kurban iku bisa warga PSH dhewe lan bisa uga warga sakupengane; lan (3) nuwuhake rasa ora tentrem ing masyarakat Madiun. Bab iki bisa ditandhingake karo asile wawancara ing ngisor iki.

“Ala, merga muruki gejeran, saben taun mesthi ana kadadean. Suran agung uga njalari masyarakat mediun kewedan” (Rosyid, 20 Januari 2014).

“Ala, mergane saben tahun methi ana gejeran, neng ngendi-ngendi ana gejeran, njalari ora tenang” (Rizki, 20 Januari 2014).

“Jelas ala, merga ora ana apik-apike blas. Saben Sura mesthi Madiun dadi sepi, wedi kabeh yen dadi kurban”(Hariati, 20 Januari 2014).

Dene sing sarujuk, Adhedhasar asile wawancara, masyarakat sing sarujuk anane tradhisi Suran Agung alesane yaiku tradhisi Suran Agung dianggep tradhisi kang menahi pangeribawa sing becik marang masyarakat. Pangribawa sing becik ing antarane yaiku (1) tradhisi Suran Agung dianggep nuduhake nile-nile kang becik, kayata ngelingake marang pati lan nuduhake rasa syukur kita marang Gusti lan (2) tradhisi Suran Agung dianggep bisa dirembakake minangka tradhisi kang bisa narik kawigatene wisatawan. Bab iki bisa ditandhingake karo asile wawancara ing ngisor iki.

“Apik wae, saka acara-acarane ana nile kang bisa dijupuk. Saka acara nyekar kita bisa eling marang *kematian*. Dene saka acara slametan bisa nuduhake rasa syukur kita marang Gusti. Yen ngumbah aku ora ruh, mergane aku dudu warga PSH” (Sumanto, 20 Januari 2014).

“Ada yang bagus ada pula yang jelek, yang bagus sebenarnya tradhisi Suran Agung itu bisa dikembangkan sebagai tradhisi wisata” (Suseno, 20 Januari 2014).

Pamawase masyarakat ngenani anane tradhisi Suran Agung sing disarujuki lan ora disarujuki iki, disebabake amarga anggone nindakake tradhisi ing kutha Madiun, nanging ora kabeh masyarakat kutha Madiun melu.

### **8. Dhiskusi Asile Panliten**

Adhedhasar asil panliten sing dijlentrehake ing ndhuwur, bisa didhiskusekake asile panliten kaya mangkene. Tradhisi Suran Agung iku kalebu tradhisi sing nduweni samubarang kang mligi amarga beda saka tradhisi sing lumrahe ana. Bab kasebut katitik saka pamawase masyarakat kutha Madiun sing beda lan kahanane anane tradhisi iki.

Teori akulturasi kabukti bisa ngonceki unsur-unsur sing mujudake anane tradhisi Suran Agung ing kutha Madiun. Unsur-unsur sing nyawiji sajrone tradhisi iki pancen beda nanging bisa mujudake budaya sing anyar. Unsur kasebut, yaiku animisme, Hindu, lan Islam sing nyawiji mujudake kabudayan Jawa.

Teknik wawancara, dokumentasi, lan angket kabukti uga bisa nyengkuyung ngumpule dhata sing mujudake bahan sing bisa diolah dadi jlentrehan sing salaras karo tujuan

panliten iki. Semono uga tata cara nganalisis dhata, yaiku sing diandharake Sudikan (2001: 80) lan Moleong (2009: 227-280) kabukti bisa menehake jlentrehan sing bisa padha-padha nyengkuyung. Dhata ngenani wujud sing diperang dadi ubarampe lan tata laku bisa nuduhake anane piwulang ing tradhisi Suran Agung.

### **E. DUDUTAN**

Adhedhasar asile panliten, bisa didudut yen wujud tradhisi Suran Agung adhedhasar rituwale ana 3, yaiku: (1) nyekar, (2) ngumbah sabuk, lan (3) slametan. Ubarampe lan tata lakune tradhisi Suran Agung iku wis tartamtu wiwit leluhure nganti warga turunane, sing nduweni simbol-simbol pakurmatan marang leluhure sing wis nduweni jasa tumrap madege PSH. Tradhisi Suran Agung iku pancen nandhang sinkretisme ing saben rituwale, sing bisa dijlentrehake peranganane, yaiku: (1) rituwal nyekar, sinkretismene diwujudake dening unsur kapracayan animisme-dinamisme, ajaran Hindu, lan ajaran Islam; (2) rituwal ngumbah sabuk, sinkretismene diwujudake dening unsur kapracayan animisme-dinamisme lan ajaran Hindu; lan (3) rituwal slametan, sinkretismene diwujudake dening unsur kapracayan animisme-dinamisme, ajaran Hindu, lan ajaran Islam. Pamawase masyarakat tumrap anane tradhisi Suran Agung ana loro, yaiku: (1) sing ora sarujuk amarga mung njalari geheran lan anane kurban, sing njalari masyarakat ora bisa tentrem nalika ana Suran Agung lan (2) sing sarujuk amarga bisa menehake piwulang kang becik, kayata kapracayan marang anane kapaten, pamujudane sukur marang Gusti, lan bisa uga dadi wisata budaya.

## DHAFTAR PUSTAKA

- Afifudin. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Pustaka Setia
- Ambarwati, Etik. 2012. "Wayang Beber Pacitan (Tintingan Owah-Owahan Kabudayan)". (*Skripsi*). Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
- Andriana, Dedi. et.al. 2008. *Misteri Di Balik Bulan Sura* (Online), <http://sabdalangit.wordpress.com/informasi-penting/misteri-di-balik-bulan-sura/>, (diakses 13 Maret 2013)
- Andriansyah, Moh. et.el. 2013. *Mengenal Tradisi Malam Satu Sura Di Tanah Jawa (Ragam Budaya Indonesia)* (Online), <http://caswaterpark.com/mengenal-tradisi-malam-satu-suro-ditanah-jawa-ragam-budaya-indonesia>, (diakses 13 Maret 2013)
- Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta
- Bakker, JWM. 1984. *Filsafat Kebudayaan, Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Media Pressindo
- Bratawidjaja, Thomas Wiyasa. 1993. *Upacara Tradisional Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.
- Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia*. Jakarta : Pustaka Grafitipers
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo
- Jauhari, Muhammad. 2014. "Tradhisi Slametan Kelahiran Bayi Ing Desa Bediwetan Kecamatan Bungkal Kabupaten Ponorogo (Tintingan Wujud, Makna, Fungsi, Pamawas, lan Owah Gingsir)". (*Skripsi*). Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
- Kamus Besar Bahasa Indonesia.et.al. 2011. (Online), (<http://www.artikata.com/arti-351319-sinkretisme.html>), diaskes 13 Maret 2014).
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Jawa, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia
- , 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Koplan, David & Manners, Albert. A. 2002. *Teori Budaya. Terjemahan Landung Simatupang*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Moleong, Lexy.J.2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Murtadlo, Agus Atiq. 2009. "Akulturasi Islam dan Budaya Lokal dalam Tradisi Upacara Sedekah Laut si Pantai Teluk Penyus Kabupaten Cilacap". (*Skripsi*). Yogyakarta: Jurusan Sejarah dan Kebudayaan Islam, Fakultas Adab, Universitas Islam Negeri Sunan Kalijaga
- Osran, S. A. 1996. "Acculturation, Perceived Social Support, And Self-Esteem In Primigravida Puertorican Teenagers". West J Nurs Res, August. 18(4): 460-473
- Poerwadarminta, WJS. 1939. *Bausastra Djawa*. Jakarta: J. B. Wolters'uitgevers atau Maatchappij N. V. Groningen
- Prasetyani, Anisa Yuli. 2011. "Tradhisi Grebek Maulud Ing Kutha Madiun (Tintingan Wujud , Makna, Lan Fungsi)". (*Skripsi*). Surabaya: Jurusan



Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni,  
Universitas Negeri Surabaya

- Prasetyani. 2011. "Tradhisi Grebek Maulud ing Kutha Madiun (Tintingan Wujud, Makna, lan Fungsi)". (*Skripsi*). Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
- Purwadi. 2009. *Filsafat Jawa: Ajaran Hidup yang Berdasarkan Nilai Kebijaksanaan*. Yogyakarta: Panji Pustaka
- Rusmanhaji.et.al. 2013. *Sinkretisme*, (Online), (<http://wikipedia.com/artikel%20Sinkretisme%20%20%20rusmanhaji.htm> , diakses 12 Maret 2014).
- Sahniah, Anisa Puji. et.al. 2013. *Definisi Tradisi dan Kemunculan Tradisi*, (Online), (<http://ppknsalasiah.blogspot.com/2013/06/defenisi-tradisi-dan-kemunculan-tradisi.html>), diakses 14 Maret 2013)
- Sari, Dewi Novita. 2012. "Makna Simbolis sajrone Tradhisi Bersih Desa ing Madiun". (*Skripsi*). Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
- Savanah.et.al. 2014. *Bentuk-Bentuk Sinkretisme*, (Online), (<http://www.blogger.com/bentuk-bentuk%20Sinkretisme%20%20%20Referensi%20Makalah.html> , diakses 13 Maret 2014).
- Setyaningsih, Estu. 2011. "Tradhisi Suran ing Patilasan Sri Aji Jayabaya ing Desa Menang Kabupaten Kediri (Tintingan Wujud, Makna, lan Fungsi)". (*Skripsi*). Surabaya: Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress bekerja sama dengan Citra Wacana
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya. Unesa Unipress
- Suryaningtyas, Valentina Widya Ikk. 2010. Akulturasi Antara Etnis Cina dan Jawa: Konvergensi atau Divergensi Ujaran Penutur Jawa? Makalah disajikan dalam *Seminar Nasional Pemertahanan Bahasa Nusantara*, Universitas Dian Nuswantoro. Semarang, 2-3 Agustus. Yana MH. 2001. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius

Universitas Negeri Surabaya